

**BONJAN SANTE PITIT
OU KÒMANSE AK
EGZAMEN SANTE
WOUTIN REGILYE KI
KAPAB EDE ANPECHE
OSWA DETEKTE
PWOBLÈM AVAN
YO VIN SERYE.**




AJANS POU ADMINISTRASYON SWEN SANTE
2727 MAHAN DRIVE, TALLAHASSEE, FL 32308
www.AHCA.MYFLORIDA.com



V.032017

**EGZAMEN SANTE
WOUTIN POU TIMOUN**

YON FÒMIL POU SIKSÈ!



KI KOTE PITIT OU KAPAB JWENN YON EGZAMEN SANTE WOUTIN?

Doktè pitit ou, **Depatman Sante**
Konte ou, oswa **Sant Sante**
Kominote ou.

KISA KI PRAL PASE NAN YON EGZAMEN SANTE WOUTIN:

- Reponn kesyon sou kijan sante li ak devlopman li ye
- Fè yon egzamen fizik konplè
- Vaksen (piki) ak Tès Nan Laboratwa si li nesesè
- Egzamen zye ak zòrèy
- Tcheke fason pitit ou manje ak devlopman li
- Referans pou yon egzamen kay dantis
- Edikasyon sante pou di ou kijan pou ou evite aksidan ak maladi ak reponn kesyon ou konsènan kwasans ak devlopman pitit ou
- Dyagnostik ak tretman, si li nesesè

Tanpri kontakte plan sante pitit ou pou yo ede ou jwenn pwofesyonèl swen sante. Si pitit ou pa enskri nan yon plan sante oswa ou pa konnen ki plan pitit ou genyen, tanpri rele Liy Èd Medicaid la nan **1-877-254-1055**.

PLIS SÈVIS MEDICAID

PITIT OU KAPAB JWENN SÈVIS SA YO SI YON DOKTÈ DESIDE PITIT OU BEZWEN YO:

- Sèvis Doktè
- Swen pou zye, ak yon egzamen zye ak linèt ladan
- Tès nan laboratwa ak radyografi
- Medikaman
- Ekipman medikal, ak chèz woulant ak pwodwi medikal ladan
- Sèvis pou zòrèy, ak aparèy pou ede tandé ladan
- Swen pou dan, ak egzamen, netwayaj, plonbaj, ak plis toujou
- Sèvis pou pale
- Sèvis sante mantal
- Sèvis lopital, ak lopital sikyatri ladan
- Èd ak abi dwòg, pwodwi tabak, ak alkòl
- Tretman fizik, respiratwa, ak okipasyonèl
- Sèvis sante nan kay
- Enfimye Prive

DEPI LI NESESÈ MEDIKAL, MEN SA K AP PASE:

- Ou p ap peye okenn kotizasyon
- Pa gen okenn limit sou sèvis ki apwouve yo

